

ENFÒMASYON PWOJÈ KONSTRKSYON

DEPATMAN TRANSPÒ FLORID



State Road (SR) 5/US 1/North Roosevelt Boulevard—Pati lwès Kennedy Drive

Nimewo idantifikasyon pwojè a: 434684-5-52-01

FDOT KONPAS: SEKIRITE

Limyè siyal pou pasaj pyeton nan nivo entèmedyè, sa yo rele ann angle “Midblock Pedestrian Signal (MPS)” se yon seri limyè yo mete anlè ki sanble ak limyè sikilasyon ki la pou ede pyeton ak moun ki sou bisiklèt travèse lari san danje. Depatman transpò nan Eta Flori ki gen ti non FDOT senkwonize MPS ki nan mitan kafou SR 5/ US 1/N Roosevelt Boulevard ak limyè sikilasyon ki nan kafou ki tou pre a nan Kennedy Drive/ Sigsbee Road ak Overseas Market.



FDOT pran angajman pou asire en-frastrikti nan Eta a sèvi moun ki rete ladan, sèvi biznis yo, ak vizitè yo pou yo mennen aktivite yo ni kounye a ni pi devan.

KOUMAN POU W SÈVI AK MPS LA:

PYETON

KOUMAN POU W SÈVI AK MPS LA:

CHOFÉ

LÈ W WÈ SA A

FÈ SA A

PEZE BOUTON AN
KANPE epi RET TANN siyal pou w mache a

KÒMANSE TRAVÈSE
Veye machin

Flache
FIN TRAVÈSE
Valè tan pou w fin travèse

LÈ W WÈ SA A

FÈ SA A

ALE
Kondi ak prekosyon

RALANTI
Pare pou w KANPE

KANPE
Derape lè limyè a vèt

ORÈ
Avril 2024

PRÈ ESTIMÉ
\$47,000


ZÒN PWOJÈ
Vil Key West

ENFÒMASYON SOU LIY SIKILASYON YO PRAL FÈMEN

Travay ap fèt an faz pou redwi efè konstriksyon sou kominote a. Liy yo ka fèmen pandan lè sa yo:

- 9 è 30 a.m. pou 2 è 30 p.m., Lendi a Dimanch
- 9è p.m. pou 6 è a.m., Lendi a Dimanch

Aksè nan biznis ak rezidans yo pral kenbe. Enfòmasyon sou fèmti liy yo pral afiche chak semèn sou sitwèb depatman an, www.southflroads.com.



KONTAKTE

FDOT Konsilan Espesyalis Sensibilisation Kominotè
Julie Brown | Julie.Brown@dot.state.fl.us. | 305-927-1479

SWIV NOU MyFDOT_Miami

SOUTHFLROADS.COM

Eskane kòd QR la pou mizajou pwojè yo.

